

Imaj Rapid

Jwè 1-20



Laj 3+




5-10 min

OBJEKTIF


Rekonèt kantite ki sou kat yo tousuit.

KAT POU UTILIZE

Kòmanse avèk:



Zo
0-5




10 kare
0-5




Pwen nan yon lòd
espesifik
0-5


Pou kontinye jwe: chwazi plis kat epi chwazi yon gwoup kat alafwa



Pwen nan yon lòd
espesifik
0-5




Pwen ki gaye
0-5



Wonn
0-5

Defi ki pi difisil



Chwazi plis kat
6-10

KÒMAN POU JWE

1. Chwazi kat yo epi bat yo.



2. Di konsa, "M pral montre nou yon kat pou kèk segonn sèlman. Gade kat la epi eseye sonje konbyen pwen nou wè. Apre sa, di m konbyen pwen nou te wè sou kat la. Nou prè?"

3. Kenbe kat la anlè pou twa segonn. Apre sa, mete l tèt anba.



Mande yo “Konbyen pwen?”

4. Timoun yo ka pale pou bay repons lan oswa yo ka sèvi ak dwèt yo.



5. Pou fè aktivite sa a pran plis tan, mande “Kijan nou fè konnen konbyen pwen ki la?” Timoun yo gendwa reponn “Mwen te wè twa pwen, epi apre sa mwen te wè yon pwen, konsa mwen konnen te gen kat.”


KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Imaj rapid se yon bèl jwèt ou ka jwe pandan peryòd tranzisyon yo oswa lè w gen kèk minit sèlman pou fè yon aktivite. Jwèt sa a pèmèt timoun yo pratike “sibitize”, sa vle di wè yon kantite ki nan yon ti gwoup byen rapid. Etid yo fè yo montre timoun ki maton nan sibitize yo konn jwenn pi bon rezilta nan matematik.
- Pifò timoun yo rekonèt 1 oswa 2 pwen san yo pa bezwen konte yo. Sepandan, sibitize gen limit. Pou kantite ki anpil yo, nou ka gen pou fè plizyè ti gwoup avèk sa nou bezwen konte yo pou nou ka sibitize yo. Pa egzanp, 8 pwen se yon kantite ki ka twòp pou nou sibitize, men si nou mete pwen sa yo nan de gwoup ki gen 4 pwen chak, lèfini nou konnen de gwoup ki gen 4 pwen bay 8 pwen, n ap ka wè se 8 pwen yo ye byen rapid.
- Lè pwen yo fè wonn oswa lè yo gaye, li pi difisil pou sibitize yo.
- Jwe jwèt sa a ede timoun yo kreye yon imaj mantal y’ap ka sonje pou yon chif. Piti piti timoun yo ap gen plis eksperyans, pale sou fason plizyè ti gwoup ki gen kèk chif sèlman ka fè yon gwoup ki pi gwo. Pa egzanp, “Mwen te wè yon gwoup ki gen de pwen ak yon gwoup ki gen twa pwen, konsa mwen te konnen sa bay senk!” Chak timoun genswa “wè” kantite yo yon fason ki diferan.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Jwèt Videyo

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Imaj Rapid*.